

# Kilè pou Fè Tès Depistaj pou Kansè nan Gwo Trip

**Tès depistaj se youn nan pi bon fason pou anpeche kansè nan gwo trip (yo rele tou kansè kolorektal) oswa pou dekouvri l bonè lè li pi fasil pou trete.**

Tès depistaj la konmanse nòmalmman nan laj 45 an epi li kontinye rive jiska omwen 75 an.

Opsyon depistaj ki kouran yo gen ladan yo:

- Yon **kolonoskopi** chak 10 an.
- Yon **tès pou pou** chak youn jiska twa zan, sa depann de ki kalite tès ou fè.



## Èske Mwen Bezwen Kòmanse Tès Depistaj la Bonè?

Gen kèk moun ki gen plis chans pou yo gen kansè nan gwo trip epi ki bezwen kòmanse depistaj la anvan laj 45 an. Si nenpòt nan pwèn sa yo konsène ou, mande pwofesyonèl swen sante ou ki lè pou ou kòmanse depistaj la, ki tès pou ou fè, epi chak konbyen tan pou ou fè depistaj la:

- Kansè nan gwo trip oubyen polip lakay ou oswa lakay yon manm fanmi w
- Anflamasyon avèk ilsè nan gwo trip oswa maladi Crohn
- Yon sendwòm ou te erite tankou sendwòm Lynch oswa polip adenomate famiyal
- Fibwoz Sistik
- Tretman pou nenpòt kansè avan 40 an

**Mete pwofesyonèl swen sante w la okouran si gen nenpòt bagay ki chanje.**



## Ki sa sentòm kansè nan gwo trip ye?

Tès depistaj se yon fason pou tcheke si yon maladi la lè ou pa gen okenn sentòm. **Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Pa rete tann pwochen tès depistaj ou a.**

Sentòm sa yo pa toujou vle di ou gen kansè. Pwofesyonèl swen sante w la kapab ede w konprann sa ki pa byen an.

- San nan pou pou ou oswa nan twalèt la apre w fin fè pou pou
- Pou pou ki parèt wouj fonsè oswa nwa
- Dyare oswa konstipasyon ki pa janm pase
- Yon chanjman nan fòm pou pou ou
- Yon sansasyon kòm si trip ou pa vide nèt
- Doulè nan vant ou ki kontinye tounen oswa ki pa disparèt
- Pèt apeti oswa pèt pwa san rezon aparant
- Santi ou fatige oswa fèb nan fason ki pa nòmal

Pou plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health/coloncancer](https://nyc.gov/health/coloncancer).